



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RE-OUVÈTI KAPITÒL ETA NEW YORK

Konplèks Plaza Empire State la, sa gen ladan Kapitòl, Bilding Biwo Lejislatif la pral re-ouvri pou piblik la nan 18 jen

Vizit gratis pou retou Kapitòl ak Plaza Empire State la

Restriksyon sou vizit yo leve piske 70% nouyòkè adilt te resevwa premye dòz vaksen kont COVID-19 la

Rezèvasyon pou vizit yo disponib sou entènèt [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, piske gen 70 pousan Nouyòkè ki gen 18 ane oswa plis ki te resevwa premye dòz seri vaksinasyon COVID-19 yo, Konplèks Plaza Empire State la, ki gen ladan Kapitòl Eta New York la ak Bilding Biwo Lejislatif la, pral re-ouvri pou piblik la demen, 18 jen. Anplis de sa, vizit yo nan Kapitòl la ap reprann lendi 21 jen, epi vizit anplennè popilè yo nan Plaza Empire State la pral kòmanse ankò nan mèkredi 7 jiyè. Moun ki pa vaksinen yo kontinye responsab pou mete mask, konfòmman ak [direktiv](#) federal CDC a.

"Nouyòkè yo te travay di kont viris COVID la epi pa konsekan, moniman ak atraksyon yo nan eta a ap re-ouvri pou vizitè yo. Nou eksite pou tounen akeyi Nouyòkè ak vizitè yo de lwen nan bèl Kapitòl Eta ak Plaza Empire State enkwayab nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kapitòl la chaje avèk istwa ekstraòdinè nenpòt moun kapab apresye. Pandan li nesèsè pou fèmen pòt li yo pandan pandemi an, li lè pou nou tounen akeyi moun nan gran sal li yo".

Vizit Gratis nan Kapitòl

- **A Kilè:** Lendi rive vandredi
- **Lè yo:** 10 a.m. ak midi
- **Kote:** Biwo Enfòmasyon nan ale State Street Kapitòl la
- **Rezèvasyon:** Espas yo limite, epi rezèvasyon yo rekòmande men pa obligatwa pou gwoup ki gen mwens pase 10 moun - rezève sou entènèt [isit la](#). [Pou gwoup 10 oswa plis](#), rele 518-474-2418 pou fè aranjman.
- **Vizitè ki pa vaksinen ki nan Kapitòl yo gen obligasyon pou mete mask pandan vizit alenteryè yo**

Sitiye nan somè State Street Albany, Kapitòl Eta New York la te sèvi kòm syèj gouvènman pou New York depi ane 1880 yo. Bilding lan se yon mèvèy grandè achitekti fen 19yèm syèk, ki te konstwi alamen avèk travay mason solid pandan yon peryòd 32 ane. Pwen makan vizit 45 minit yo kapab gen ladan yo chanm lejislatif yo, Sal Gouvènè yo, Sal Resepsyon Gouvènè a, Sal New York, eskalye istorik ak eskilti.

Vizit Gratis Anplennè nan Plaza Empire State

- **A Kilè:** Mèkredi, jedi ak vandredi
- **Lè:** 2 p.m.
- **Kote:** Andeyò antre prensipal Sant The Egg (The Egg Center) la pou Atizay Espektak nan Plaza Empire State la.
- **Rezèvasyon:** Espas yo limite nan 25 moun pou chak vizit, epi **rezèvasyon yo obligatwa** - rezève sou entènèt [isit la oswa lè w rele 518-474-2418](#)

Vizit 45 minit yo prezante pwèn makann konplèks klas mondyal 40 ekta kote gouvènman eta a, achitekti inik ak atizay modèn pataje menm espas la. Pa gen de vizit ki menm, epi pwèn makan yo kapab gen ladan Sant The Egg la pou Atizay Espektak, platfòm prensipal Plaza a, Kapitòl, Bilding Robert Abrams pou Lwa ak Jistis, Sant Edikasyon Kiltirèl, Corning Tower, Bilding Biwo Lejislatif, ak bilding ajans yo, ansanm ak moniman komemoratif yo ki onore sila yo ki te devwe oswa bay lavi yo pou sèvi lòt yo. Sila yo k ap fè vizit pral aprann tou sou Koleksyon Atistik Plaza ke yo konnen kòm pi gwo koleksyon atistik piblik nan peyi a ki baze pa deyò yon mize.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) la, RoAnn Destito te deklare, "Kapitòl Eta New York ak Plaza Empire State se jwazo achitekti ki fòmideb epi nou fyè pou ofri piblik la yon lòt fwa ankò yon opòtinite pou pase tan ap eksplòre ak aprann sou gran sit istorik sa yo. Gid touristik konpetan ak anime nou yo pare ak gen dezi pou prezante vizitè yo bèl bagay kapital New York gen pou ofri".

Vizite [sitwèb](#) Biwo Sèvis Jeneral pou plis enfòmasyon sou vizit nan semèn yo, ekspozisyon espesyal yo ak istwa Kapitòl, Plaza Empire State ak Koleksyon Atistik Plaza Empire State.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)